

## Katastwòf an Ayiti: ant rezon, kwayans ak mefians

### Les catastrophes en Haïti : entre raison, croyance et méfiance.

Justine CELESTIN

#### Affiliation de l'auteur :

Justine Celestin, doctorante au laboratoire LAM (UMR 5115, France), ANR OSMOSE.

#### Pour citer cet article :

CELESTIN Justine, 2025, « Katastwòf an Ayiti: ant rezon, kwayans ak mefians » dans Actes des journées d'étude ‘Failles haïtiennes’ du 16 et 17 novembre 2023 à Sciences Po Bordeaux, en ligne [adresse URL]. DOI : 10.5281/zenodo.14891961

*Un résumé développé en français se trouve à la fin du texte en créole haïtien.*

Nan 24 lane ki sot pase, peyi dayiti travèse plis pase 90 fenomèn natirèl ki afekte popilasyon a dapre sant rechèch CRED (Centre de Recherche sur l'épidémiologie des Désastres) ki distribye achiv entènasyonal sou dezas (<https://www.emdat.be>). Kit se tranblemanntè, inondasyon oswa siklòn, pou m site twa sa yo sèlman, fenomèn sa yo patisipe nan reyalite lavi chak jou ayisien yo. Nan kontès sa, mwen chache konprann koman moun yo fè sans diferan fenomèn sa yo avèk ki enpak mòd konpreyansyon yo ka genyen sou konpòtman yo anvan, pandan, oswa apre dezas yo. Jodia, mwen chwazi prezante 3 diskou popilasyon an sou lakoz katastwòf peyi a travèse déjà. Li enpòtan pou nou mete pawòl popilasyon lokal yo nan limyè, pawòl ki pa toujou domine nan diskou siantifik yo oswa enstitusyonèl. Pawòl sa yo ka pèmèt nou devlope avèk ekri rapò prevansyon ki ap pi fidèl a reyalite lavi popilasyon jeneral la.

Pou etid sa, mwen pase inntèvyou nan mwa mas 2023 ansanm avèk 30 moun nan twa vil peyi a : Pòtoprens nan depatman Lwès la (7 patisipan), vil Okap ki sitye nan Nò a (10 patisipan) avèk vil Jeremy nan depatman Grandans nan kwen Sidès Ayiti (13 patisipan). Seleksyon patisipan yo fèt de fason aleatwa : ki vle di ke mwen inntèviouve tout fanm ak gason ke mwen kwaze nan lari ki te dakò fè konvèrsasyon avèk mwen. Majorite antretyen mwen yo fèt an kreyòl mè pafwa an franse avèk angle tou. Pou ankèt sila, mwen fè yon lis on douzèn kesyon ki separe nan 3 tèm. Premye pati a te konsenè koman moun yo viv lavi yo chak jou; ki aktivite yo, koman yo adapte pwogram yo avèk pwoblèm yo ki ap domine peyi a. Nan dezyèm pati a, mwen chache konprann ki rapò moun yo gen avèk danje an Ayiti : ki menas avèk danje yo ka idantifye

ansanm avèk lakoz fenomèn sa yo. Dènye tèm nou abode se koman yo viv diferan fenomèn sa yo : ki konpòtman yo adopte, oswa ke yo pa adopte.

Mwen rasanble tout tip repons yo nan 3 kategori: nou gen pawòl siantifik yo, pawòl spirityel yo avèk pawòl akizasyon.

Katastwòf natirèl yo se bagay ki etidyé anpil nan domenn lasyans : nan lane 1970 yo, se sèl disiplin lasyans natirèl tankou jeoloji oswa meteowoloji ki te konn analize enfòmasyon sou katastwòf natirèl. Sa vle di ke refleksyon espè yo sou lakoz fenomèn natirèl yo te baze sou lasians natirèl. Poutan, pawòl siantifik yo se pawòl ke moun yo pa telman itilize. Premye bagay mwen obseve, se ke moun ki mobilize pawòl lasyans pou esplike yon fenomèn natirèl, se moun ki al lekol e ki o mwen rive nan klas filo. Yon manadjè otèl nan Jeremi esplike m ke “se mouvman plak tektonik yo ki fè tranblemanntè” (Jean, 22-03-2023), “... mouvman fay yo ki fè tè a tranble, fay septentrional la anba Okap, ki vle di yon goudougoudou ka pase nenpòt kilè” (Batiste, 10-04-2023) se pawòl yon pwofesè angle nan vil Okap. An jeneral, moun ki al lekol yo gen yon aksè dirèk oswa pi fasil pou yon jwenn konesans avèk enfòmasyon siantifik, kit se nan lekòl yo a, oswa nan medya oubyen rezo sosyo yo. Se vre ke moun ki ban m mòd pawòl sa yo esplike m ke tout bagay sa yo se bagay yo aprann lekol nan klas primè : “... ma p di w sa mwen t aprann ban lekol lè mwen ta p fè kou elemantè...” (Jameson, 04-04-2023).

Nan menm gwoup pawòl syantifik sa yo, na p jwenn yon seri pawòl ki gen yon lojik lasyans deyè yo san yo pa itilize menm espresyon teknik espè yo ap itilize. An nou pran egzanp yon peyizan ki rèt nan Jeremi. Benoit ap esplike m koman « tout sa w plante, pa gen anyen ki bay. Bèt yo pa gen dlo pou yo bwè, ya p mouri. Sa rive poutèt lè pa gen lapli, van an bwote sèl lanmè a sou tè a. Lè konsa li vin boule plant yo ak tout rekòt yo » (23-03-2023). Fenomèn Benoit sanble ap esplike a se fenomèn sechrès. Li dekri sa li ka wè avèk espresyon pa li ki fè sans pou li. Esplikasyon Benoit a swiv yon lojik siantifik poutèt li itilize yon apwòch yo rele an franse « apwòch endiktiv » (approche inductive). Sa vle di ke li obsève yon bagay ka p pase - li wè pa gen lapli ki tonbe, li wè van ki ap soufle ansanm avèk mouvman lanmè a. Avèk enfomasyon sa yo, li fè yon relasyon ki pèmèt li komprann lakoz kilti li plante yo pa donnen. Travay mantal sa se menm travay sa espè siantifik yo konn fè, yo obsève yon fenomèn, apre sa yo esplike sa yo wè a gras a enfòmasyon yo gentan genyen. Nan ka Benoit a, li obsève fenomèn sa yo depi lontan gras a esperyans li ka p travay latè avek metye li. Menm ke li pa itilize mo « sechrès » la, Benoit bay yon repons klè, gras a egzèsis mantal li fè a ki parèt tankou yon fòm « lasyans anpirik » (science empirique).

Pawòl siantifik sa yo ke moun yo itilize fè nou wè ki rapò moun yo ka genyen avèk demach siantifik yo. Premyan, nou ka we ke gen kèk moun ki fè lasyans konfians pou esplike kèk fenomèn. Dezièman, li montre nou ke moun yo ka fè tèt yo travay, se pa poutèt yo pa itilize gwo mo nan esplike yon fenomèn ke yo pa konprann kisa fenomèn la vle di.

Nan dezièm gwoup pawòl yo, pawòl spirityel yo, mwen obsève ke moun yo kalifie fenomèn naturel yo tankou yon “ choz natirèl ” oswa yon “efè natirèl”. Ann nou analize non sa yo.

Tèm « Efè natirèl » ka dekri yon pwosesis ki pa janm sispann. Sa vle di, chak fenomèn ki pase se yon repons oswa yon kontinyasyon kèk kondisyon ki te deja egziste. Sa vle di “efè natirèl” yo se pa senp evènnman ki fèt poukont yo, men pito konsekans fenomèn ki pi laj. Sa vle di tou, yo pa gen sèlman lakoz « natirèl », yo ka gen plizyè entèpretasyon sou orijin yo. Yo ka sòti nan monn sosyal, politik, ekonomik oswa moral. “Efè natirèl” yo kapab rezulta pwosesis sistèm imen an, menm jan li ka sòti nan pwosesis sistèm natirèl la. Se poutèt sa, pou nou ka byen analize yon « efè », li nesesè non sèlman gade sa ki rive a, men tou konprann reyalite kote li fèt. Nan ka Ayiti a, « efè natirèl » yo, se pinisyon Bondye ap voye sou peyi a : « granmèt la ap pini nou, ayisien twò mechan » (Claudine, 01-04-2023). Repons sa tradwi dirèkteman reyalite Ayiti a, kote ensekirite ap domine kèk vil.

Espresyon « choz natirèl » la ka evoke yon banalite nan katastwòf yo, ki vle di yo rantre nan kad lavi chak jou, yo konsidere tankou bagay ki nòmal. Katastwòf yo vin tounen eleman peyizaj (natirèl) la tankou yo fè pati lòd natirèl la, se pa fenomèn ki gen karaktè estraòdinè. Konsa, sa ka reflete yon fòm akseptasyon oswa reziyasyon, paske yo wè fenomèn sa yo kòm bagay nòmal, ki pa mande okenn reyakson espesyal. Nan sans sa a, moun yo vin desansibilize fas ak katastwòf yo, paske yo rive twò souvan nan peyi tankou Ayiti. Tèm sa a ka tou montre yon vizyon kote nati a se yon seri fòs ki san entansyon, yon bagay ki fè aji mekanikman san okenn plan dèyè li. Nan lòt mo, lanati a pwodwi siklòn, tampèt, ak inondasyon, pa kòm yon "efè" oswa yon konsekans, men kòm yon aksyon mekanik. Se komsi siklòn pa egzanp, enskri nan pwogramasyon lanati a, ke w vle 1 ke w pa vle 1, li ka fèt e li ap fèt kan menm. Se pa yon bagay pou konprann, oswa menm, li pa posib pou konprann kijan yo pwodui. Se sa anpil moun mwen te entèvyouve yo defann: pa gen esplikasyon pou sa ki rive yo, se bagay ki depase lespri moun. Sa esplike repons tankou "Siklòn se bagay lanati, ou pa ka konprann li... se Bondye sèl ki konnen" (Anderson, 25-03-2023) ; "pwoblèm katastwof sa yo, ou paka konprann yo, sèl moun ki konen se Bondye" (Chantale, 04-04-2023).

Nan moman sa, moun pa gen anpil kontwòl sou « choz natirèl » sa yo. Sa montre yon separasyon klè ant moun avèk lanati, kote lanati sou kontwòl pa Bondye. Vizyon espresyon « choz natirèl » la bay se yon vizyon yo rele fatalis. Vizyon fatalis lan se yon fason kote moun konsidere ke tout sa ki pral pase, tout sa ki pral rive nan lavi a gentan fikse e ke pa gen okenn aksyon oswa moun ki ka chanje sa. Nan vizyon sa, moun pa gen kontwòl sou lavi a, espesialman sou konsekan « choz natirèl » yo. Sepandan, mank kontwòl sa pa vle di moun yo pa fè okenn aksyon pou eseye sove tèt yo. Se Claudine ka p esplike m koman sèl bagay ki ka sove moun nan moman dezas sa yo, se Bondye : « mete w a jenou epi pryie granmèt la » (01-04-2023). Si se yon fòs estèn ki lakòz « choz natirèl » sa yo, gen yon chans pou moun jwenn gras Bondye. Se poutèt sa, se poutèt sa, respekte valè moral yo ka ede kalme kòlè Bodye a, epi konsa, bay yon chans pou moun ka sove. Benoit ap esplikem koman, si moun yo sispann fè krim epi yo respekte youn lòt, mwens katastwòf ap fèt (24-03-2023). Diskou sa vle di ke se Bondye ki deside kies k ap sove nan katastwòf yo, pa moun yo, ni konpòtman prevantif yo.

Twazyèm diskou, ke mwen rele diskou akizasyon, idantifye « koupab » yo ak « viktim » yo. Menm jan ak diskou ki te vin anvan yo, gen yon ajan estèn nan okirans kèk fenomèn. Men, isit la, se pa yon entèvansyon bondye oswa yon pwosesis mekanik natirèl; ajan estèn ki responsab la se yon moun, ou pito, yon gwoup moun: sa yo rele "grannèg" avèk "blan" yo. Diskou sa gen enplikasyon sosyal, politik, ak istorik.

An premye, diskou sa a mete an limyè divizyon sosyal an Ayiti, kote inegalite ant klas sosyal yo grav anpil. Lè yo mete chay la sou do yon gwoup sosyal espesifik, sa kreye yon narasyon viktim: koupab yo se "grannèg" ansanm ak "blan" yo epi viktim yo se "malere" yo. Inegalite sa yo pa sèlman ekonomik, paske yo tou kreye tansyon nan sosyete a. Sitou nan pawòl sa yo: "...se grannèg yo ki fè sa" (Dieula, 27-03-2023), "...ou janm wè kay grannèg kraze? se yo ki voye yo..." (Benoit, 23-03-2023). Anplis, lè yo mete malere yo sèlman tankou viktim katastwòf: "...se malere yo sèlman k ap peye..." (Dieula, 27-03-2023), sa kapab reflete yon anvi pou moun rekonèt frajilite yo epi atire atansyon sou sitiyasyon yo. Li pi fasil pou jistifye frajilite sa a lè koupab yo se ajan estèn. Nou wè tou, gen yon atant pou gen aksyon ki fèt pou korije inegalite sosyal sa yo.

« Toutotan blan yo pa kite peyi a, pwoblèm sa yo [ensèkirite avèk tranblemannè] p ap janm fini » (Josianne, 27-03-2023). Lide idantifye blan yo (ak grannèg yo) kòm koupab kapab yon fòm rezistans tou. Anfèt, moun yo ka santi ke aktè etranje yo kontwole estrikti peyi a oswa pwofite resous peyi dayiti yo san yo pa vrèman amelyore kondisyon yo. "...ameriken yo pran poz se ede yo vin ede moun yo, se lajan sèlman yo vin fè." (Fritz, 24-03-2023); "Etazini renmen peyi a pou tout richès li [...] poutèt yo pa genyen yo menm. Se pou sa yo la, se pou sa yo met pwoblèm nan peyi a..." (Josianne, 27-03-2023). Sa se yon fason pou moun ki pale yo denonse enjistik la epi esprime desepsyon yo fas ak mòd entèvansyon etranje yo.

Istwa kolonyal la ak entèvansyon etranje yo an Ayiti kite gwo mak sou reprezentasyon sosyal yo. Diskou blam sa a mete an premye plan mefyans moun yo genyen kont entèvansyon estèn. Diskou akizasyon sa a montre jan moun ka santi yo san pouvwa devan fenomèn sosyal oswa natirèl yo. Idantifikasiyon koupab yo tounen yon fòm estènalisasyon responsabilite, kote moun chache lòt aktè, olye tèt pa yo, pou eksplike pwòp kondisyon lavi yo

## KONKLIZYON

Diskou popilasyon an sou katastwòf an Ayiti revele diferan fason moun esplike sa k rive yo. Kèk moun mobilize eksplikasyon syantifik, lòt yo mete aksan sou yon vizyon espirityèl, pandan ke gen yon twazyèm gwoup ki chèche koupab estèn pou esplike dezas yo. Sa montre ke katastwòf yo pa sèlman yon reyalite fizik, men yo entegre tou nan estrikti sosyal, politik, ak kwayans moun yo.

Mete pawòl popilasyon lokal yo nan limyè enpòtan anpil, paske yo se premye aktè ki viv reyalite Ayiti chak jou. Konprann jan yo fè sans fenomèn sa yo pèmèt nou reflechi sou estrateji ki ka pi adapte ak bezwen yo, espesyalman lè nap panse sou prevansyon ak jesyon dezas. Si diskou syantifik la domine nan espas akademik ak enstitusyonèl, vizyon espirityèl ak kritik sosyal yo reflete eksperyans dirèk moun ki ap fè fas ak enpak katastwòf yo. Kidonk, analize esplikasyon popilasyon an pa sèlman ede nou konprann pi byen rapò yo ak katastwòf, men li ka bay eleman pou batí politik ak aksyon ki pi anrasinen nan reyalite ayisyen avèk ayisièn yo. Si n ap chèche solisyon ki fonksyone, li esansyèl pou nou konsidere kisa popilasyon an panse, ki estrateji yo adopte, epi ki espwa oswa defi ki gide konpòtman yo.

## Résumé en français :

### Les catastrophes en Haïti : entre raison, croyance et méfiance.

Ce texte explore les différentes façons dont la population haïtienne interprète les catastrophes naturelles et les discours qui en émergent. À travers une série d'entretiens menés à Port-au-Prince, à Jérémie et au Cap-Haïtien en 2023, il met en lumière trois types de discours distincts : scientifique, spirituel et accusateur.

#### **Les Explications Scientifiques**

Certaines personnes expliquent les catastrophes à travers un discours scientifique, en reprenant les explications techniques et le vocabulaire des experts. Ces explications incluent par exemple l'idée que les tremblements de terre sont causés par le mouvement des plaques tectoniques. Toutefois, cette manière de comprendre les catastrophes est principalement mobilisée par des personnes ayant un certain niveau d'éducation, notamment celles ayant fréquenté l'école jusqu'au bac.

D'autres, bien que ne maîtrisant pas forcément le langage technique des experts, appliquent une logique scientifique intuitive. Par exemple, un paysan de Jérémie relie la sécheresse au fait que le vent transporte le sel de la mer sur les terres, rendant le sol infertile. Bien qu'il n'utilise pas les termes scientifiques exacts, son raisonnement repose sur une observation empirique des phénomènes naturels.

#### **Les Explications Spirituelles**

Un second groupe de discours attribue les catastrophes à une volonté divine. Beaucoup de personnes interrogées considèrent que les tremblements de terre, cyclones ou inondations sont des punitions envoyées par Dieu en raison des comportements humains. L'expression « efè natirèl » (effet naturel), souvent employée, traduit l'idée que ces catastrophes sont une réponse aux actions passées et ne sont donc pas de simples événements isolés. L'expression « chose naturelle », quant à elle, montre que pour certains, les catastrophes sont devenues banales, intégrées dans le quotidien des Haïtiens. Elles sont perçues comme faisant partie d'un ordre naturel immuable, ce qui peut mener à une forme de résignation et de désensibilisation face aux risques.

Enfin, plusieurs personnes affirment que la seule protection possible est la prière et le respect des valeurs morales, car seul Dieu décide qui sera épargné lors d'une catastrophe.

#### **Les Discours d'Accusation**

Un troisième type de discours repose sur l'identification de coupables. Contrairement aux deux premiers groupes qui attribuent les catastrophes soit à des causes naturelles, soit à une volonté divine, ce discours met en avant une responsabilité humaine, mais extérieure.

Les personnes interrogées désignent souvent comme responsables les « *grannèg* » (les élites haïtiennes) et les « *blan* » (les étrangers, notamment les puissances occidentales). Ce discours reflète une méfiance profonde vis-à-vis des interventions étrangères et une perception selon laquelle les acteurs internationaux exploitent Haïti sans réellement l'aider. Certaines déclarations suggèrent que les catastrophes et l'insécurité seraient provoquées ou amplifiées par ces acteurs, notamment pour maintenir le pays dans une position de dépendance. D'un point de vue social, il met aussi en évidence les fortes inégalités en Haïti, où les classes populaires sont perçues comme les principales victimes des catastrophes, tandis que les élites et les étrangers resteraient protégés.

## **Conclusion**

L'analyse de ces discours montre que les catastrophes en Haïti ne sont pas perçues uniquement comme des événements naturels, mais qu'elles sont intégrées dans un cadre social, politique et spirituel. Si les explications scientifiques dominent dans les milieux académiques et institutionnels, les perceptions populaires sont plus variées et souvent influencées par des facteurs culturels et historiques.

Mettre en lumière ces discours permet non seulement de mieux comprendre la manière dont les Haïtiens perçoivent les catastrophes, mais aussi d'identifier les enjeux sociaux et politiques qui y sont liés. Cette connaissance est essentielle pour élaborer des stratégies de prévention et de gestion des risques plus adaptées à la réalité locale.